# КЪУРЪАНАН ДОЗАЛЛА

# 40

## ХЬАДИС

أربعون حديثا في فضل القرآن

[باللغة الشيشانية]

Нохчийн маттахь


جمع وترجمة: فاروق بن تربال

Гулдинарг, гочдинарг

**Турпалан кӀант Фарукъ**



**2014**

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Хастам бу АллахIна - Iаламийн Дела волчу; беркате, хьикмате, сийлахь, лараме долу Къуръан доссийначу; адамаш иманехь нисдинчу, Исламан новкъа даьхначу, царна ихьсане некъ гайтинчу!

АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда адамийн эла волчу, элчанийн имам волчу, бакъонан гIортор йолчу Мухьаммадна а, сийлахьчу цуьнан гергарчарна а, тIехдикачу цуьнан асхьабашна а, массо меттехь а, ерриге заманашкахь а!

**Лараме ешархо!** Цхьаболчу Iеламнаха, шовзткъа-шовзткъа хьадис гулдеш, кегийра пайдехь жайнаш яздина. Царех ду – динан баххашха лаьцна яздинарш, жихIадах лаьцна яздинарш, гIиллакхех лаьцна яздинарш, хьехамех лаьцна яздинарш, Дела цхьаъ варан шахIадатан дозаллех лаьцна яздинарш и.кх.дI. Дерриге а и жайнаш яздар дика Iалашонаш юьхьарлаьцна нисделла ду (АллахI реза хуьлда уьш яздиначарна массарна а!).

Ислам-динан тайп-тайпанарчу дакъошха лаьцна шовзткъа хьадис чохь гулдина жайнаш яздар хьалха-хьалха заманашкахь дуьйна схьадогIуш Iеламнехан Iадат ду. Церан лорах вахаран нигатца а, АллахIерчу йоле, Цуьнан къинхетаме сатесна а, хIокху бух цIенчу хьадисехь **«…Шух кхузахь волучо хаам бойла кхузахь воцучуьнга»** бохург кхочушдаран Iалашонца а, хIокху жайнахь вай а гулдина Сийлахьчу

Къуръанан дозаллех лаьцна нуьрах лепа шовзткъа хьадис.

ХIокху жайнарчу хьадисаша гойтур ду Сийлахь Къуръан дешар а, хьехар а, Iамор а беркате Iамал хилар. Дуьненахь а, эхартахь а пайда хедан боцу Iамал хилар а. Доьшучуьнга синтем боссош а, маликаша и доьшучеран гуламаш лоьхуш йолу Iамал хилар а. И доьшучуьра шайтIанаш довдуш хилар а. И доьшург бозбуунчийн вонех ларвеш хилар а. И хууш берш ламазехь хьалхабаха уггаре а хьакъ берш хилар а. Цул а сов цуьнгахь адамийн дегнашна дарба, синошна синтем хилар а. Кхин а мел ю беркатечу Къуръанан дикаллаш, мел йийцарх а кхачор йоцуш?!

Цундела хIара санна долу жима жайна тоьийла дац Къуръанан беркате дикаллаш йийца, сийлахь-баккхийра пайданаш бийца.

ХIокху жайнахь вай тидаме эцна - кхузахь гулдечу хьадисашха хIора хьадис бух цIена хьадис хилийтар. Вуьшта аьлча, хIокху жайнара дукхах долу хьадисаш дерриге дуьненахь а цIеяхханчу шина имаман - Бухарин а, Муслиман а шина жайнара схьаэцна ду. Цхьанненна а къайле яц, оцу шина имаман «Сахьихь» цIе йолу жайна - хьадисийн жайнашха уггаре а бух цIена хьадисаш долу жайна хилар.

АллахIа гечдойла жайна хIоттийначунна а, цуьнан дена-нанна а, массо бусулбанашна а!

**Турпалан кIант Фарукъ**

## [ الْحَدِيثُ الْأَوَّلُ ]

عَنْ عُثْمَانَ بْنِ عَفَّانَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" خَيْرُكُمْ مَنْ تَعَلَّمَ الْقُرْآنَ وَعَلَّمَهُ "** رواه البخاري [(5027)].

## ХЬАЛХАРА ХЬАДИС

Iусман ибн Iаффана (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шуна юккъехь гIолехьверг – Къуръан шена Iама дина, кхечарна и дIахьоьхуш верг ву»** Бухари: (5027).

## [ الحَدِيثُ الثَّانِي ]

عَن ابنِ عَباسٍ رَضيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قالَ رَسولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" إِنَّ الَّذِي لَيْسَ فِي جَوْفِهِ شَيْءٌ مِنَ الْقُرْآنِ كَالْبَيْتِ الْخَرِبِ "** رواهُ الترمذي [(2914)] وقال: حديث حسن صحيح.

## ШОЛГIА ХЬАДИС

Ибн Iаббаса (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шен кийрахь (дагчохь) Къуръанах хIумма а доцу адам – доьхначу цIийнах терра ду»** (Тирмизи: (2914), цо аьлла хIара «хьасан, сахьихь» шина даржехь хьадис ду).

## [ الحَدِيثُ الثالثُ ]

عن أبي أُمَامَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَليهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: **" اقْرَأوا الْقُرْآنَ فَإِنَّهُ يَأْتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ شَفِيعاً لأَصْحَابِهِ "** رواهُ مسلم [(804)].

## КХОАЛГІА ХЬАДИС

Абу Умамас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна шена аьлла: **«Къуръан дешалаш, хIунда аьлча, боккъалла а, къематдийнахь догIур долуш ду и - ша дешначарна гIо дан (шапаIат дан)»** (Муслим: (804).

## [ الحَدِيثُ الرَّابعُ ]

عَنْ عُمَرَ بنِ الخَطَّابِ رَضِيَ الله عَنْهُ أَنَّ النَّبِيَّ صَلَّى الله عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: **" إِنَّ اللَّهَ يَرْفَعُ بِهَذَا الْكِتَابِ أَقْوَامًا وَيَضَعُ بِهِ آخَرِينَ "** رواه مسلم [(817)].

## ДОЬАЛГІА ХЬАДИС

ХаттIабан кIанта Iумара (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Боккъалла а, хIокху Жайнин гIоьнца цхьаболу нах АллахIа бaзбийр бу, ткъа кхиберш – сийсазбийр бу»** (Муслим: (817)).

## [ الحَدِيثُ الخَامِسُ ]

عَنِ بْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ الله عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" مَنْ قَرَأَ حَرْفًا مِنْ كِتَابِ اللَّهِ فَلَهُ بِهِ حَسَنَةٌ، وَالْحَسَنَةُ بِعَشْرِ أَمْثَالِهَا لَا أَقُولُ: الم حَرْفٌ، وَلَكِنْ: أَلِفٌ حَرْفٌ، وَلَامٌ حَرْفٌ، وَمِيمٌ حَرْفٌ "** رواه الترمذي [(2912)] وقال: حديث حسن صحيح.

## ПХОЬАЛГІА ХЬАДИС

Ибн МасIуда (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«АллахIан Жайнара (Къуръанара) цхьа элп дешначунна цхьа дика дар дIаяздо, ткъа (хIора) диканан ял уьттазза сов йоккхуш ю. Аса ца боху шуна, «Алиф, Лам, Мим» цхьа элп ду. ХIан-хIа, «Алиф» - ша элп ду, «Лам» - ша элп ду, ткъа «Мим» - ша элп ду»** (Тирмизи: (2912), цо аьлла хIара «хьасан, сахьихь» шина даржехь хьадис ду).

[ الحَدِيثُ السَّادِسُ ]

عَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ الله عنها قَالَتْ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى الله عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" الَّذِي يَقْرَأُ الْقُرْآنَ وَهُوَ مَاهِرٌ بِهِ مَعَ الْكِرَامِ السَّفَرَةِ الْبَرَرَةِ، وَالَّذِي يَقْرَأُ الْقُرْآنَ وَهُوَ عَلَيْهِ شَاقٌّ لَهُ أَجْرَانِ"** رواه البخاري [(4937)]، ومسلم [(798)].

## ЙОЛХАЛГІА ХЬАДИС

Iайшата (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Хаза, говзза Къуръан доьшуш верг – дикачу, муьтIахьчу геланчашца* хир ву, ткъа Къуръан тийсалуш, халла доьшучунна – ши ял хир ю»** (Бухари: (4937), Муслим: (798)).

*** геланчашца:** Далла муьтIахь маликаш ду уьш, Делера хаамашца элчанашна тIе дуьссуш долун дела аьлла царех геланчаш.

## [ الحَدِيثُ السَّابِعُ ]

عَنْ أَبِي مُوسَى الْأَشْعَرِيِّ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" مَثَلُ الْمُؤْمِنِ الَّذِي يَقْرَأُ الْقُرْآنَ كَمَثَلِ الأُتْرُجَّةِ؛ رِيحُهَا طَيِّبٌ وَطَعْمُهَا طَيِّبٌ، وَمَثَلُ الْمُؤْمِنِ الَّذِي لَا يَقْرَأُ الْقُرْآنَ؛ كَمَثَلِ التَّمْرَةِ؛ لَا رِيحَ لَهَا وَطَعْمُهَا حُلْوٌ، وَمَثَلُ الْمُنَافِقِ الَّذِي يَقْرَأُ الْقُرْآنَ كَمَثَلِ الرَّيْحَانَةِ؛ رِيحُهَا طَيِّبٌ وَطَعْمُهَا مُرٌّ، وَمَثَلُ الْمُنَافِقِ الَّذِي لَا يَقْرَأُ الْقُرْآنَ كَمَثَلِ الْحَنْظَلَةِ؛ لَيْسَ لَهَا رِيحٌ وَطَعْمُهَا مُرٌّ "** رواه البخاري [(5059)]، ومسلم [(797)].

## ВОРХIАЛГIА ХЬАДИС

Абу Муса ал-АшIарис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Къуръан доьшуш волу муъма стаг – мерзачу лимонах тера ву, хаза хьожа а, тамехь чам а болуш йолчу, ткъа Къуръан ца доьшуш волу муъма стаг – хурманах тера ву, хьожа яцахь а, чам мерза болуш йолчу. Къуръан доьшуш волу мунепакъ – хаза хожа йолчу бецах тера ву, хьожа хаза елахь а, чам къаьхьа болуш йолчу, ткъа Къуръан ца доьшуш волу мунепакъ – хьерчаш йолчу бецах (колоквинтах) тера ву, я хьожа а йоцуш, оцу тIе чам къаьхьа а болуш йолчу»** (Бухари: (5059), Муслим: (797)).

## [ الحَدِيثُ الثَّامِنُ ]

عَن ابنِ عُمرَ رَضِيَ اللهُ عنهما عَن النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: **" لا حَسَدَ إِلَّا فِي اثْنَيْن: رَجُلٌ آتَاهُ اللهُ الْقُرْآنَ، فَهُوَ يَقُومُ بِهِ آنَاءَ اللَّيْلِ وَآنَاءَ النَّهَارِ، وَرَجُلٌ آتَاهُ اللهُ مَالاً، فَهُوَ يُنْفِقُهُ آنَاءَ اللَّيْلِ وَآنَاءَ النَّهَارِ "** رواه البخاري [(73)]، ومسلم [(815)].

## БАРХIАЛГIА ХЬАДИС

Ибн Iумара (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Аддамах а хьега ца оьшу, шиннах бен - АллахIа шена Къуръан хаар деллачу стагах а, буса а, дийнахь а и доьшуш волчу; АллахIа шена бахам беллачу стагах а, буса а, дийнахь а и сагIийна дIабоькъуш волчу»** (Бухари: (73), Муслим: (815)).

## [ الحَدِيثُ التَّاسِعُ ]

عَنِ الْبَرَاءِ بن عَازِب رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: كَانَ رَجُلٌ يَقْرَأُ سُورَةَ الْكَهْفِ، وَعِنْدَهُ فَرَسٌ مَرْبُوطٌ بِشَطَنَيْنِ، فَتَغَشَّتْهُ سَحَابَةٌ فَجَعَلَتْ تَدْنُو، وَجَعَلَ فَرَسُهُ يَنْفِرُ مِنْهَا، فَلَمَّا أَصْبَحَ أَتَى النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَذَكَرَ ذَلِكَ لَهُ، فَقَالَ: **" تِلْكَ السَّكِينَةُ تَنَزَّلَتْ لِلْقُرْآنِ "** رواه البخاري [(5011)]، ومسلم [(795)].

## УЬССАЛГIА ХЬАДИС

Ал-Бараъ ибн Iазиба (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «(Цкъа) цхьа стаг «ал-КахIф» сурат доьшуш волуш, юххехь шина чуханца дIайихкина говр а йолуш, (цIеххьашха еана) цхьа марха хьаьвзина цунна тIехула. И (марха йогI-йогIуш) юххе ян йолаелира цунна, ткъа цуьнан говрах дерг аьлча, иза а хилла кхераелла, цуьнах къахка йоьлла. (Оцу стага) Iуьйранна Пайхамар (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волчу а веана, хилларг цуьнга дIадийцича, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Синтем хилла иза**

**хьуна тIе (боьссина), Къуръан (дешар) бахьана долуш»»** (Бухари: (5011), Муслим: (795)).

### [ الحَدِيثُ العَاشِرُ ]

عَنْ عَبْدِ اللهِ بن عَمْرو بن العاصِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا عَن النَّبِيِّ صَلَّى الله عَلَيْهِ وَسَلّمَ: **" يُقَالُ لِصَاحِبِ الْقُرْآنِ: اقْرَأْ وَارْتَقِ وَرَتِّلْ كَمَا كُنْتَ تُرَتِّلُ فِي الدُّنْيَا، فَإِنَّ مَنْزِلَكَ عِنْدَ آخِرِ آيَةٍ تَقْرَؤُهَا "** رواه أبو داود: [(1664)] والترمذي: [(2915)] وقال: حسن صحيح.

## УЬТТАЛГIА ХЬАДИС

IабдуллахI ибн Iамр ибн ал-Iаса (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Къуръан хууш хиллачуьнга аьр ду (къематдийнахь): «ДIадеша, хьалавала! ДIадеша мукъамехь, дуьнен чохь волуш айхьа ма дешшара! Боккъалла а, (ялсаманера) хьан меттиг - ахьа тIаьххьара аят дешначехь хир ю»** (Абу Дауд: (1664), ат-Тирмизи: (2915), цо аьлла хIара «хьасан, сахьихь» дарж долу хьадис ду).

### [ الحَدِيثُ الحَادِى عَشَرَ ]

عَنْ أَبِي مُوسَى الأَشْعَرِيِّ عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: **" تَعَاهَدُوا الْقُرْآنَ فَوَالَّذِي نَفْسُ مُحَمَّدٍ بِيَدِهِ لَهُوَ أَشَدُّ تَفَلُّتًا مِنَ الإِبِلِ مِنْ عَقْلِهَا "** رواه البخاري [(5033)]، ومسلم [(791)].

## ЦХЬАЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу Муса ал-АшIарис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Къуръан кест-кеста**

**(даима а) деша, хIунда аьлча аса дуй ма буу Мухьаммадан са Шен карахь долучух, боккъалла а, карара чехка долуш ма ду и – шен барголах хецаелла эмкал санна»** (Бухари: (5033), Муслим: (791)).

## [ الحَدِيثُ الثَّانِي عَشَرَ ]

عَن ابنِ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: " **إِنَّمَا مَثَلُ صَاحِبِ الْقُرْآنِ كَمَثَلِ الْإِبِلِ الْمُعَقَّلَةِ، إِنْ عَاهَدَ عَلَيْهَا، أَمْسَكَهَا، وَإِنْ أَطْلَقَهَا، ذَهَبَتْ** " رواه البخاري [(5031)]، ومسلم [(782)].

## ШИЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Ибн Iумара (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Боккъалла а, Къуръан дагахь хууш волу стаг шайн когех барголаш тоьхна эмкалш йолучух тера ву: нагахь цо уьш гуттар а оцу хьолехь латтаяхь - (шен) карахь латтор ю цо уьш, амма нагахь цо уьш (когаш а даьстина) дIахецахь - йовдур ю уьш»** (Бухари: (5031), Муслим: (782)).

## [ الحَدِيثُ الثَّالِثُ عَشَرَ ]

عَنْ أَبِي مَسْعُودٍ الْبَدْرِيِّ رَضِيَ اللهُ عنهُ عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قال: " **مَنْ قَرَأَ الآيَتَيْنِ مِنْ آخِرِ سُورَةِ الْبَقَرَةِ فِي لَيْلَةٍ كَفَتَاهُ** " رواه البخاري [(5009)]، ومسلم [(808)].

## КХОЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу МасIуд ал-Бадрис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Буса «Бакъарат» суратан тIаьххьара долу ши аят дешначунна – и шиъ тоам болуш* хир ду цунна»** (Бухари: 5009, Муслим: 808).

* Массо а вонех уьш дешнарг ларван тоьаш ду и ши аят, я оцу буса ламаз дан гIаттаран метта хила тоьаш а ду.

## [ الحَدِيثُ الرَّابِعُ عَشَرَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ الله عنهُ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: " **لَا تَجْعَلُوا بُيُوتَكُمْ مَقَابِرَ إِنَّ الشَّيْطَانَ يَنْفِرُ مِنَ الْبَيْتِ الَّذِي تُقْرَأُ فِيهِ سُورَةُ الْبَقَرَةِ** " مسلم [(780)].

## ДОЬЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шайн хIусамех кешнаш ма де. Боккъалла а, шайтIа уьду чохь «Бакъарат» сурат доьшучу хIусамера»** (Муслим: (780)).

## [ الحَدِيثُ الخَامِسُ عَشَرَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ الله عنهُ قَالَ: وَكَّلَنِي رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ بِحِفْظِ زَكَاةِ رَمَضَانَ، فَأَتَانِي آتٍ، فَجَعَلَ يَحْثُو مِنَ الطَّعَامِ، فَأَخَذْتُهُ فَقُلْتُ: لَأَرْفَعَنَّكَ إِلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، قَالَ: إِنِّي مُحْتَاجٌ، وَعَلَيَّ عِيَالٌ، وَبِي حَاجَةٌ شَدِيدَةٌ، فَخَلَّيْتُ عَنْهُ، فَأَصْبَحْتُ، فَقَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **"يَا أَبَا هُرَيْرَةَ، مَا فَعَلَ أَسِيرُكَ الْبَارِحَةَ؟"** قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللَّهِ شَكَا حَاجَةً، وَعِيَالا، فَرَحِمْتُهُ، فَخَلَّيْتُ سَبِيلَهُ. قَالَ: **"أَمَا إِنَّهُ قَدْ كَذَبَكَ وَسَيَعُودُ"** فَعَرَفْتُ أَنَّهُ

سَيَعُودُ لِقَوْلِ رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَرَصَدْتُهُ، فَجَاءَ يَحْثُو مِنَ الطَّعَامِ، فَقُلْتُ: لأَرْفَعَنَّكَ إِلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، قَالَ: دَعْنِي فَإِنِّي مُحْتَاجٌ، وَعَلَيَّ عِيَالٌ لا أَعُودُ، فَرَحِمْتُهُ فَخَلَّيْتُ سَبِيلَهُ، فَأَصْبَحْتُ فَقَالَ لِي رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **"يَا أَبَا هُرَيْرَةَ، مَا فَعَلَ أَسِيرُكَ الْبَارِحَةَ؟"** قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللَّهِ شَكَا حَاجَةً وَعِيَالا فَرَحِمْتُهُ، فَخَلَّيْتُ سَبِيلَهُ، فَقَالَ: **"إِنَّهُ قَدْ كَذَبَكَ وَسَيَعُودُ"** فَرَصَدْتُهُ الثَّالِثَةَ. فَجَاءَ يَحْثُو مِنَ الطَّعَامِ، فَأَخَذْتُهُ فَقُلْتُ: لأَرْفَعَنَّكَ إِلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَهَذَا آخِرُ ثَلاثِ مَرَّاتٍ أَنَّكَ تَزْعُمُ أَنَّكَ لا تَعُودُ، ثُمَّ تَعُودُ ! فَقَالَ: دَعْنِي فَإِنِّي أُعَلِّمُكَ كَلِمَاتٍ يَنْفَعُكَ اللَّهُ بِهَا، قُلْتُ: مَا هُنَّ؟ قَالَ: " إِذَا أَوَيْتَ إِلَى فِرَاشِكَ فَاقْرَأْ آيَةَ الْكُرْسِيِّ، فَإِنَّهُ لَنْ يَزَالَ عَلَيْكَ مِنَ اللَّهِ حَافِظٌ، وَلا يَقْرَبُكَ شَيْطَانٌ حَتَّى تُصْبِحَ، فَخَلَّيْتُ سَبِيلَهُ فَأَصْبَحْتُ، فَقَالَ لِي رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **"مَا فَعَلَ أَسِيرُكَ الْبَارِحَةَ ؟"** قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللَّهِ زَعَمَ أَنَّهُ يُعَلِّمُنِي كَلِمَاتٍ يَنْفَعُنِي اللَّهُ بِهَا، فَخَلَّيْتُ سَبِيلَهُ، قَالَ: **"مَا هِيَ ؟"** قُلْتُ: قَالَ لِي: إِذَا أَوَيْتَ إِلَى فِرَاشِكَ فَاقْرَأْ آيَةَ الْكُرْسِيِّ مِنْ أَوَّلِهَا حَتَّى تَخْتِمَ الآيَةَ **(اللَّهُ لا إِلَهَ إِلا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ)** وَقَالَ لِي: لا يَزَالَ عَلَيْكَ مِنَ اللَّهِ حَافِظٌ، وَلَنْ يَقْرَبَكَ شَيْطَانٌ حَتَّى تُصْبِحَ. فَقَالَ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **"أَمَا إِنَّهُ قَدْ صَدَقَكَ وَهُوَ كَذُوبٌ، تَعْلَمُ مَنْ تُخَاطِبُ مُنْذُ ثَلاثٍ يَا أَبَا هُرَيْرَةَ ؟"** قَالَتُ: لا، قَالَ: **"ذَاكَ شَيْطَانٌ"** رواه البخاري [(5010)].

## ПХУЬЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: «(Цкъа) АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) рамадан баттахь гулдина саьхьаш Iалашдар тIедиллинера суна. (Цхьа хан яьлча,) со волчу цига а веана, канашкахь шена дуург схьаэца вуьйлира (цхьа стаг). Ткъа аса, схьа а лаьцна, цуьнга элира: **«Боккъалла а, аса хьо АллахIан элчанна (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) тIевуьгур ву!».** Цо элира: **«Бакъдолуш, къен стаг вара со, (дуккха а) бераш дара сан, чIогIа таро йоцуш вара со!».** ТIаккха аса дIахийцира иза. ТIейогIучу Iуьранна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира соьга: **«Ва, Абу ХIурайра! ХIун дира оцу хьан йийсархочо селхана?».** Аса жоп делира: **«ХIай, АллахIан элча! Хьашт хилар далхийра цо,**

**шен (дуккха а) бераш хилар а, тӀаккха аса, къа а хетта, дӀахиййцира иза».** (Пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Бакъдолуш, пуьчаш бу цо хьуна боьттинарш. Юха а вогӀур ву хьуна иза».** Цундела суна хьалххе хууш дара иза юхавогӀур волуш вуйла, хӀунда аьлча АллахӀан элча (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) ма вара аьлларг: **«Бакъдолуш, юха а вогӀур ву хьуна иза».** КӀел а хиъна, цуьнга хьоьжуш Ӏан вуьйлира со. Цхьа хан яьлча, ван а веана, канашкахь шена дуург схьаэца волавелира иза, ткъа аса, схьа а лаьцна, цуьнга элира: **«Боккъалла а, аса хьо АллахӀан элчанна (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) тӀевуьгур ву!».** Цо дийхира: **«ДӀахецахьара ахьа со. Бакъдолуш, къен стаг вара со, (дуккха а) бераш дара сан, кхин юха а вогӀур вац хьуна со!».** ТӀаккха аса, къа а хетта, дӀахиййцира иза. Юха Ӏуьйранна АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира соьга: **«Ва, Абу ХӀурайра! ХӀун дира оцу хьан йийсархочо селхана?».** Аса жоп делира: **«ХӀай, АллахӀан элча! Хьашт хилар далхийра цо, шен (дуккха а) бераш хилар а, тӀаккха аса, къа а хетта, дӀахиййцира иза».** (Пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Бакъдолуш, пуьчаш бу цо хьуна боьттинарш. Юха а вогӀур ву хьуна иза».** Ткъа цул тӀахьа а, (хьалха санна) кӀел а хиъна, вогӀу ларван вуьйлира со иза. КхоазлагӀа а, ван а веана, канашкахь шена дуург схьаэца вуьйлира иза. Схьа а лаьцна, аса цуьнга элира: **«Бакъдолуш, (хӀинца-м) тӀевуьгу**

**хьуна аса хьо АллахӀан элчанна (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), хӀунда аьлча хӀинца кхоазлагӀа олуш ду ахьа, хьо юха вогӀур вац, амма юха а, вогӀий, схьакхочу хьо!».** (ТӀаккха оцу стага) дийхира: **«ДӀахецахьа со! (Цунна дуьхьал аса хьуна) цхьа дешнаш Ӏамор ду, АллахӀа хьуна пайдехь дохун долу!».** Аса хаьттира: **«ХӀун (дешнаш) ду уьш?».** Цо жоп делира: **«Хьайн дӀавижа метта вала ойла хилча, аятул-Курси деша: «АллахӀ – кхин дела вац, И воцург, Дийна, Дерриге латтош волу…» - (дуьххьара дӀа) чекхдаллалц. (Нагахь ахьа и дешахь,) хьоьца цхьаьна, хьо ларвеш, АллахӀан гергара ларвархо хир ву, шайтӀа улле а гӀорталур дац хьуна Ӏуьйре хиллалц!».** ТӀаккха аса дӀахийцира иза. Ӏуьйранна АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира соьга: **«ХӀун дира оцу хьан йийсархочо селхана?».** Аса жоп делира: **«ХӀай, АллахӀан элча! Цо элира, ша суна дешнаш Ӏамор ду, АллахӀа суна пайдехь ден долу. ТӀаккха аса дӀахийцира иза».** (Пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) хаьттира: **«ХӀун дешнаш дара уьш?».** Аса жоп делира: **«Цо элира соьга: «Хьайна дӀавижа метта вала лиъча, аятул-Курси деша, дуьххьара дӀа чекхдаллалц: «АллахӀ – кхин дела вац, И воцург, Дийна, Дерриге латтош волу…».** Кхин а оцунна тӀе элира цо соьга: **«Хьоьца цхьаьна, хьо ларвеш, АллахӀан гергара ларвархо хир ву, шайтӀа улле а гӀорталур дац хьуна Ӏуьйре хиллалц!».** (Соьга ла а доьгӀна,) Пайхамара

(АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, бакъ лийна иза хьоьга, ша пуьчаш буттург воллушехь а! Ткъа оцу кхаа буса хьайца къамел динарг мила ву хиирий хьуна, хIай, Абу ХIурайра?».** Аса жоп делира: **«ХIан-хIа».** (Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«ШайтIа дара иза»»** (ал-Бухари: 5010).

## [ الحَدِيثُ السَّادِسُ عشَرَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ فِي: **" قُلْ هُوَ اللهُ أَحَدٌ ". " إِنَّهَا تَعْدِلُ ثُلُثَ الْقُرْآنِ "** رواه مسلم [(812)].

## ЙОЛХУЬТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: «(ХIокху) **«Ала: «И – АллахI – Цхьаъ ву»** (бохучу) дешнех лаьцна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира: **«Боккъалла а, (шайн дозаллехь) Къуръанан кхоалгIачу декъаца нислуш ду уьш»** (Муслим: 812).

## [ الحَدِيثُ السَّابِعُ عَشَرَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" وَمَا اجْتَمَعَ قَوْمٌ فِي بَيْتٍ مِنْ بُيُوتِ اللهِ يَتْلُونَ كِتَابَ اللهِ، وَيَتَدَارَسُونَهُ بَيْنَهُمْ، إِلاَّ نَزَلَتْ عَلَيْهِمِ السَّكِينَةُ، وَغَشِيَتْهُمُ الرَّحْمَةُ، وَحَفَّتْهُمُ الْمَلاَئِكَةُ، وَذَكَرَهُمُ اللهُ فِيمَنْ عِنْدَهُ "** رواه مسلم [(2699)].

## ВУЬРХIИТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Мацца а АллахIан хIусамех цхьана хIусамехь адамаш вовшахкхетахь, цхьаьний АллахIан Жайна а доьшуш, шайна юккъехь и Iама а деш, - царна тIе, билггал, синтем буссу, къинхетамо (массо а агIор) дIа а лоцу уьш. Маликаш гонаха довлу царна, АллахIа хьаха а бо уьш Шена гергахь болучарна юккъехь»** (Муслим: (2699)).

## [ الحَدِيثُ الثَّامِنَ عَشَرَ ]

عَنْ أَبِي لُبَابَةَ بَشِيرِ بْنِ عَبْدِ الْمُنْذِرِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ النَّبِيَّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: **" مَنْ لَمْ يَتَغَنَّ بِالْقُرْآنِ فَلَيْسَ مِنَّا "** رواه أبو داود [(1471)] بإسناد جيد.

## БЕРХIИТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу Лубаба Башир бин Iабдул-Мунзира (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Къуръан мукъамехь* ца дешнарг тхоьх вац»** (хIара хьадис, дика иснад а йолуш, Абу Дауда далийна: (1471)).

* вуьшта аьлча, хазчу озаца.

## [ الحَدِيثُ التَّاسِعُ عَشَرَ ]

عن النواس بن سمعان قال: سَمِعْتُ النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: " **يُؤْتَى بِالْقُرْآنِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ وَأَهْلِهِ الَّذِينَ كَانُوا يَعْمَلُونَ بِهِ، تَقْدُمُهُ سُورَةُ الْبَقَرَةِ وَآلُ عِمْرَانَ، تُحَاجَّانِ عَنْ صَاحِبِهِمَا** " (رواه مسلم [(805)]).

## ТКЪЕСНАЛГIА ХЬАДИС

Ан-Наввас бин ас-СамIана (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна шена аьлла: **«Къематдийнахь схьадалор ду Къуръан а, дуьнен чохь цуьнца Iамал йинарш а. Цунна хьалха даьлла догIуш хир ду «ал-Бакъарат» а, «Али Iимран» а ши сурат, шаьшшиъ доьшуш, Iамал йиначаьргахьа гIо даккха»** (Муслим: (805)).

## [ الحَدِيثُ الْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَبِي سَعِيدٍ الْخُدْرِيِّ أَنَّ رَجُلاً سَمِعَ رَجُلا يَقْرَأُ: " **قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ** " يُرَدِّدُهَا، فَلَمَّا أَصْبَحَ جَاءَ إِلَى رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَذَكَرَ ذَلِكَ لَهُ وَكَانَ الرَّجُلُ يَتَقَالُّهَا، فَقَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: " **وَالَّذِي نَفْسِي بِيَدِهِ إِنَّهَا لَتَعْدِلُ ثُلُثَ الْقُرْآنِ** " رواه البخاري [(5013)].

## ТКЪОЛГIА ХЬАДИС

Абу СаIид ал-Худрис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: «(Цкъа) цхьана стага юх-юха а доьшуш, «**Ала: «И – АллахI – Цхьаъ ву**» доьшуш хезначу кхеча стага, Iуьйранна АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волучу а веана, цуьнга дийцина оцу хьокъехь дерг. (Ткъа оцу стагана, и сурат а дешна, тоам бар) кIезиг долуш санна хеташ хилла. (Цуьнга ла а доьгIна,) АллахIан элчано

(АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Боккъалла а, сайн са Шен карахь долчух дуй ма буу ас, (шен дозаллехь) Къуръанан кхоалгIачу декъаца нислуш ма ду и»** (Бухари: 5013).

## [ الحَدِيثُ الْحَادِي وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَنَسٍ أَنَّ رَجُلاً رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: يَا رَسُولَ اللَّهِ إِنِّي أُحِبُّ هَذِهِ السُّورَةَ: **" قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ"**، قَالَ: **"إِنَّ حُبَّكَ إِيَّاهَا يُدْخِلُكَ الْجَنَّةَ "** رواه الترمذي [(2903)] وقال: حديث حسن. ورواه البخاري [(774)].

## ТКЪЕ ЦХЬАЛГIА ХЬАДИС

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, (цкъа) цхьана стага элира аьлла: «ХIай, АллахIан элча! Боккъалла а, хIара сурат дукха дезаш ву-кха со: «**Ала: «И – АллахI – Цхьаъ ву**». (Оцу хьокъехь Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Боккъалла а, и дезаро ялсамане вуьгур ву-кха хьо»** (Тирмизи: (2903), цо аьлла хIара хьадис «хьасан» дарж долуш ду; Бухари: (774)).

## [ الحَدِيثُ الثَّانِي وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَبِي الدَّرْدَاءِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: **" مَنْ حَفِظَ عَشْرَ آيَاتٍ مِنْ أَوَّلِ سُورَةِ الْكَهْفِ، عُصِمَ مِنَ الدَّجَّالِ "**

وفي رواية: **" مِنْ آخِرِ سُورَةِ الْكَهْفِ "** رواهما مسلم [(5013)].

## ТКЪЕ ШОЛГІА ХЬАДИС

Абу Дардаа (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **««Хьех» суратан юьххьера итт аят дагахь Iамийнарг Дажалх ларвийр ву»**.

Кхечу хаамехь аьлла: «...**«Хьех» суратан тIаьххьара итт аят»** (и ший а хаам Муслиман жайнахь бу: (809)).

## [ الحَدِيثُ الثَّالِثُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ عُقْبَةَ بْنِ عَامِرٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ قَالَ: **" أَلَمْ تَرَ آيَاتٍ أُنْزِلَتْ هَذِهِ اللَّيْلَةَ لَمْ يُرَ مِثْلُهُنَّ قَطّ ؟ (قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الفَلَقِ) وَ(وقُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ) "** رواه مسلم [(5013)].

## ТКЪЕ КХОАЛГІА ХЬАДИС

Iукъба ибн Iамира (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, (цкъа) АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) (шега) элира аьлла: **«Ца го хьуна, хIокху буса диссийначарех тера аяташ хIинцале цкъа а диссийна дац?** (уьш ду - **«Ала: «ГIо лоьху аса садаржочу Делехь...»»**, хIара а: **«Ала: «ГIо лоьху аса адамийн Элехь...»»**) (Муслим: (5013)).

## [ الحَدِيثُ الرَّابِعُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: **" مِنَ الْقُرْآنِ سُورَةٌ ثَلاثُونَ آيَةً شَفَعَتْ لِرَجُلٍ حَتَّى غُفِرَ لَهُ، وَهِيَ: تَبَارَكَ الَّذِي بِيَدِهِ الْمُلْكُ "** رواه أبو داود [(4001)] والترمذي [(2893)] وقال: حديث حسن.

## ТКЪЕ ДОЬАЛГIА ХЬАДИС

Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) (шега) элира аьлла: **«Ткъе итт аят долуш сурат ду Къуръан чохь, къинош гечдаллалц стагана шапаIат ден долу, ткъа иза – «Беркате ву паччахьалла Шен карахь дерг...»»** (Абу Дауд: (1400), Тирмизи: (2893); тIаьххьарчо аьлла «хьасан» даржехь хьадис ду хIара).

[ الحَدِيثُ الْخَامِسُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَبِي سَعِيدٍ الخُدْرِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: كَانَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَتَعَوَّذُ مِنَ الْجَانِّ، وَعَيْنِ الْإِنْسَانِ، حَتَّى نَزَلَتِ الْمُعَوِّذَتَانِ، فَلَمَّا نَزَلَتَا، أَخَذَ بِهِمَا وَتَرَكَ مَا سِوَاهُمَا. رواه الترمذي [(2059)] وقال: حديث حسن.

## ТКЪЕ ПХОЬАЛГIА ХЬАДИС

Абу СаIид ал-Худрис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: **«АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), жинех а, бIаьрг хиларх а ларвар доьхуш, доIанаш деш вара, (шега) ларвеш долу ши сурат доссалц. Ткъа и шиъ доьссича, (и шиъ) деша волавелира иза. И шиъ доцург дешар дитира цо»** (Тирмизи: (2059), цо аьлла «хьасан» даржеш хьадис ду хIара).

## [ الحَدِيثُ السَّادِسُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أُبَيِّ بْنِ كَعْبٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" يَا أَبَا الْمُنْذِرِ أَتَدْرِي أَيُّ آيَةٍ مِنْ كِتَابِ اللَّهِ مَعَكَ أَعْظَمُ ؟ قُلْتُ: اللَّهُ لا إِلَهَ إِلا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ، فَضَرَبَ فِي صَدْرِي وَقَالَ: لِيَهْنِكَ الْعِلْمُ يَا أَبَا الْمُنْذِرِ "** رواه مسلم [(810)].

## ТКЪЕ ЙОЛХАЛГӀА ХЬАДИС

Убайй ибн КаӀба (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: «(Цкъа) АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира (соьга): **«ХӀай, Абу ал-Мунзир! АллахӀан Жайнара (хьайна дага догӀучарех) уггаре а сийлахьниг муьлха аят ду хаьий хьуна?».** Аса жоп делира: **«АллахӀ - кхин дела вац, И воцург, Дийна волу, Дахар латтош волу»** (бохург хир ду-кха)». (Цул тӀаьхьа Пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)), сан некха тӀе (куьг) а тоьхна, элира: **«Беркате хуьлда хьуна хьан Ӏилма, хӀай, Абу ал-Мунзир!»** (Муслим: 810).

## [ الحَدِيثُ السَّابِعُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أُسَيْدِ بْنِ حُضَيْرٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: **" بَيْنَمَا هُوَ يَقْرَأُ مِنَ اللَّيْلِ سُورَةَ الْبَقَرَةِ، وَفَرَسُهُ مَرْبُوطَةٌ عِنْدَهُ، إِذْ جَالَتِ الْفَرَسُ، فَسَكَتَ فَسَكَنَتْ، فَقَرَأَ فَجَالَتِ الْفَرَسُ، فَسَكَتَ وَسَكَنَتِ الْفَرَسُ، ثُمَّ قَرَأَ، فَجَالَتِ الْفَرَسُ فَانْصَرَفَ، وَكَانَ ابْنُهُ يَحْيَى قَرِيبًا مِنْهَا، فَأَشْفَقَ أَنْ تُصِيبَهُ، فَلَمَّا اجْتَرَّهُ رَفَعَ رَأْسَهُ إِلَى السَّمَاءِ حَتَّى مَا يَرَاهَا، فَلَمَّا أَصْبَحَ حَدَّثَ النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ لَهُ: اقْرَأْ يَا ابْنَ حُضَيْرٍ، اقْرَأْ يَا ابْنَ حُضَيْرٍ، قَالَ: فَأَشْفَقْتُ يَا رَسُولَ اللَّهِ أَنْ تَطَأَ يَحْيَى، وَكَانَ مِنْهَا قَرِيبًا فَرَفَعْتُ رَأْسِي فَانْصَرَفْتُ إِلَيْهِ، فَرَفَعْتُ رَأْسِي إِلَى السَّمَاءِ فَإِذَا مِثْلُ الظُّلَّةِ فِيهَا أَمْثَالُ الْمَصَابِيحِ، فَخَرَجَتْ حَتَّى لَا أَرَاهَا، قَالَ، وَتَدْرِي مَا ذَاكَ ؟ قُلْتُ: لَا، قَالَ: تِلْكَ الْمَلَائِكَةُ دَنَتْ لِصَوْتِكَ، وَلَوْ قَرَأْتَ لَأَصْبَحَتْ يَنْظُرُ النَّاسُ إِلَيْهَا لَا تَتَوَارَى مِنْهُمْ ".** (رواه البخاري 5018).

## ТКЪЕ ВОРХIАЛГIА ХЬАДИС

Усайд ибн Хьудайра (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина. Цкъа цхьана буса иза «Етт» сурат доьшуш волуш, цуьнан говр а хилла дIайихкина цунна уллохь, цIеххьана, синтем а байна, хьийза йоьлла говр. Ткъа иза доьшучуьра дIасецна, цуьнан (говр а) тийна тIаккха дIа. Цо юха а деша долийна, (говр) юха а, синтем а байна, хьийза йоьлла. Ткъа доьшучуьра иза сецча, (говр а) тийна дIа. Юха а иза деша воьлча, тIаккха а, синтем а байна, хьийза йоьлла говр. ТIаккха а доьшучуьра сецна иза. (Оцу хенахь) цуьнан кIант Яхьъя хилла говрана уллохь, ткъа (Усайд) кхеравелла, хьаша магар-кха цо иза аьлла. Ша (кIант) дIехьаваьккхинчу хенахь шен бIаьргаш хьалахьовсийна цо стигала, амма цхьа а хIума ца гина цунна. Iуьйранна (Усайда хилларг дерриг а) Пайхамаре (АллахIера къихетам а, маршо а хуьлда цунна) дIадийцича, цо аьлла: **«ДIадеша (дезаш хиллера) ахьа, хIай, ибн Хьудайр! ДIадеша (дезаш хиллера) ахьа, хIай, Ибн Хьудайр!».** (Усайда) аьлла: **«ХIай, АллахIан элча! Цо Яхьъя хьашарна кхеравеллера со, хIунда аьлча цунна уллохь вара иза. Цундела, сайн корта хьала а айбина, цунна тIевахара со. ХIетахь аса сайн корта стигал хьалахьажийначу хенахь марханах тера цхьа хIума гира суна, юккъехь къуьданех тера хIуманаш а йолуш. Цул тIаьхьа суна гучура а яьлла яйра и».** (АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) хаьттира: **«И хIун яра хаьий хьуна?».** (Усайда) жоп делира:

**«ХӀан-хӀа, ца хаьа суна!».** (АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Маликаш дара уьш, хьан озе (ладогӀа) улле даьхкина. Ахьа (сатассалц) дӀадешна хиллехьара. Нахана а гур ма дара и сурт. (Уьш) къайла а ца дуьйлуш, цаьрга хьоьжуш хир ма бара уьш»** (Бухари: 5018).

## [الحَدِيثُ الثَّامِنُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: **" مَا أَذِنَ اللهُ لِشَيْءٍ مَا أَذَنَ لِنَبِيٍّ حَسَنِ الصَّوْتِ يَتَغَنَّى بِالْقُرْآنِ يَجْهَرُ بِهِ "** (رواه البخارى: 5023، ومسلم: 792).

## ТКЪЕ БОРХӀАЛГӀА ХЬАДИС

Абу ХӀурайрас (АллахӀ реза хуьлда цунна) дийцина, АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна шена аьлла: **«АллахӀа цхьана а хӀумане ла ца дугӀу, хаза аз долчу Пайхамаре санна, хозуьйтуш мукъамехь (хаза) Къуръан доьшуш волчу»** (Бухари: 5023, Муслим: 792).

## [ الحَدِيثُ التَّاسِعُ وَالْعِشْرُونَ ]

عَنْ أَبِي مُوسَى الأَشْعَرِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ لَهُ: **" لَقَدْ أُوتِيتَ مِزْمَاراً مِنْ مَزَامِيرِ آلِ دَاوُدَ "** (رواه البخارى: 5048، ومسلم: 793).

وَفِي رِوَايَةٍ لِمُسْلِمٍ: أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ لَهُ: **" لَوْ رَأَيْتَنِي وَأَنَا أَسْتَمِعُ لِقِرَاءَتِكَ الْبَارِحَةَ "**.

## ТКЪЕ УЬТТАЛГІА ХЬАДИС

Абу Муса ал-АшIарис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) шега элира аьлла: **«(ХIай, Муса!) Даудан доьзалан шедагех шедаг делла хьуна»** (Бухари: 5048, Муслим: 793).

Оцу хьадисан Муслима далийначу ривайатехь дуьйцу, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), (Абу Мусага (АллахI реза хуьлда цунна)) элира аьлла: **«Гина велира хьуна со, селхана ахьа доьшучуьнга ладоьгIуш!»**.

[ الحَدِيثُ الثَّلاثُونَ ]

عَنْ البَرَاءِ بْنِ عَازِبٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: سَمِعْتُ النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **قَرَأَ فِي الْعِشَاءِ بِالتِّينِ وَالزَّيْتُونِ، فَمَا سَمِعْتُ أَحْسَنَ صَوْتًا مِنْهُ.** (رواه البخارى: 769، ومسلم: 464).

## ТКЪЕ УЬТТАЛГІА ХЬАДИС

Ал-Бараъ ибн Iазиба (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) пхьуьйра-ламазехь «**Дуй буу Аса инжирах а, зайтах а…»*** доьшуш хезна суна, ткъа цуьнан санна хаза аз долуш хезна а вац суна цхьа а» (Бухари: 769, Муслим: 464).

* дуьйцург «ат-Тин» сурат ду.

## [ الحَدِيثُ الْحَادِى وَالثَّلاثُونَ ]

عَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ لِي النَّبِيُّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" اِقْرَأْ عَلَيَّ الْقُرْآنَ"** فَقُلْتُ: يَا رَسُولُ اللهِ، أَقْرَأُ عَلَيْكَ وَعَلَيْكَ أُنْزِلَ؟! قَالَ: **" إِنِّي أُحِبُّ أَنْ أَسْمَعَهُ مِنْ غَيْرِي " فَقَرَأْتُ عَلَيْهِ سُورَةَ النِّسَاءِ حَتَّى جِئْتُ إِلَى هَذِهِ الآيَةِ: (فَكَيْفَ إِذَا جِئْنَا مِنْ كُلِّ أُمَّةٍ بِشَهِيدٍ وَجِئْنَا بِكَ عَلَى هَؤُلاءِ شَهِيدًا)** قَالَ: **" حَسْبُكَ الآنَ"**' فَالْتَفَتُّ إِلَيْهِ فَإِذَا عَيْنَاهُ تَذْرِفَانِ. (رواه البخاري: 5050، ومسلم: 800).

## ТКЪЕ ЦХЬАЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Iабдуллахl Ибн МасIуда (Аллахl реза хуьлда цунна) дийцина: «Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) дийхира соьга: «**Къуръан дешахь суна».** Аса элира: **«ХIай, АллахIан элча! Аса муха доьшур ду и хьуна, хьуна тIе доьссина и хилча?!».** (Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Боккъалла а, кхечуьнгара хаза лаьа суна и».** ТIаккха аса цунна «Нисаъ» сурат деша долийра. Со х1окху аятна тIе кхаьчначу хенахь: **(ХIун хир ду, Оха хIора умматера цхьацца теш валийча, хIокхарна дуьхьал теш хьо а валийча?)*,** цо элира: **«ХIинца тоьар ду».** ХIетахь со цуьнгахьа дIавирзича, бIаьрхих дуьзна гира суна цуьнан бIаьргаш» (Бухари: 5050, Муслим: 800).

* «ан-Нисаъ», 41 аят.

## [ الحَدِيثُ الثَّانِي وَالثَّلاثُونَ ]

عن أَبي سعيدٍ رافِعِ بنِ المُعلَّى رَضيَ اللَّه عَنْهُ قال: قال لي رسولُ اللَّه صَلّى اللهُ عَلَيْهِ وسَلَّم: **«أَلا أُعَلِّمُكَ أَعْظَم سُورةٍ في الْقُرْآنِ قَبْلَ أَنْ تخْرُجِ مِنَ المَسْجِدَ؟ فأَخَذَ بيدِي، فَلَمَّا أَرَدْنَا أَنْ**

**نَخْرُج قُلْتُ: يا رسُولَ اللَّهِ إِنَّكَ قُلْتَ لأُعَلِّمَنَّكَ أَعْظَمَ سُورَةٍ في الْقُرْآنِ؟ قال: «الحَمْدُ للَّهِ رَبِّ العَالمِينَ هِي السَّبْعُ المَثَاني، وَالْقُرْآنُ الْعَظِيمُ الَّذي أُوتِيتُهُ»** رواه البخاري: 5006

## ТКЪЕ ШИЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу СаIид РафиI бин ал-МуIаллас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, (цкъа) АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) шега элира аьлла: **«Къуръан чуьра уггаре а сийлахь сурат Iамаде аса хьуна, маьждиг чуьра хьо аравалале?».** Цул тIаьхьа сан куьг лецира цо. Тхо маьждигера арадовла кечделча, аса элира цуьнга: **«ХIай, АллахIан элча! Ахь ма элира: «Къуръан чуьра уггаре а сийлахь сурат Iамаде ас хьуна?»».** (ТIаккха Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«АллахIна бу хастам, Iаламийн Дела волчу... Юх-юха доьшу ворхI ду иза, сийлахь Къуръан ду иза, соьга делла долу»»** (Бухари: 5006).

## [ الحَدِيثُ الثَّالِثُ وَالثَّلاثُونَ ]

وَعَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللهُ عَنهُ قالَ: **بَيْنَمَا جِبْرِيلُ قَاعِدٌ عِنْدَ النَّبِيِّ صلى الله عليه وسلم، سَمِعَ نَقِيضاً مِنْ فَوْقِهِ، فَرَفَعَ رَأْسَهُ، فَقَالَ: هَذَا بَابٌ مِنَ السَّمَاءِ فُتِحَ اليَوْمَ، لَمْ يُفْتَحْ قَطُّ إلا اليَوْمَ، فَنَزَلَ مِنْهُ مَلَكٌ، فَقَالَ: هَذَا مَلَكٌ نَزَلَ إِلَى الأَرْضِ، لَمْ يَنْزِلْ قَطُّ إلا اليَوْمَ، فَسَلَّمَ وَقَالَ: أَبْشِرْ بِنُورَيْنِ أُوتِيتَهُمَا لَمْ يُؤْتَهُمَا نَبِيٌّ قَبْلَكَ، فَاتِحَةُ الكِتَابِ وَخَوَاتِيمُ سُورَةِ البَقَرَةِ، لَنْ تَقْرَأَ بِحَرْفٍ مِنْهُمَا إلا أُعْطِيتَهُ.** أخرجه مسلم

## ТКЪЕ КХОЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Ибн Iаббаса (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «(Цкъа) Жабраил-малик (IалайхIис салам) Пайхамар (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)

волучохь хиъна Iаш а долуш, лакххахь даьлла аз хезира цунна. Корта хьала а айбина, цо элира: **«(Лахарчу стигалан) неIаран аз дара и, тахана схьайиллина йолчу. Таханчул хьалха цкъа а схьайиллина а яц и. (Оцу неIарехула) малик доьссина охьа, цкъа а льтта тIе доьссина хилла а доцу».** Ткъа цо, салам а делла, аьлла: **«Ши нур делла хьуна, хьо вале хьалха хиллачу цхьана а пайхамарна делла доцу. Воккхавеве хьайна цаьршиннах! (И шиъ) «ал-Фатихьа» сурат а, «Бакъарат» суратан чаккхенера дакъа а ду. Ахьа царех муьлхха а дешнарг, билггал, лур долуш ма ду хьуна»»** (Муслим: 806).

## [ الحديث الرابع والثلاثون ]

عَنْ عُقْبَةَ بْنِ عَامِرٍ قَالَ: خَرَجَ رَسُولُ اللَّهِ وَنَحْنُ فِي الصُّفَّةِ فَقَالَ: **" أَيُّكُمْ يُحِبُّ أَنْ يَغْدُوَ كُلَّ يَوْمٍ إِلَى بُطْحَانَ أَوْ إِلَى الْعَقِيقِ فَيَأْتِيَ مِنْهُ بِنَاقَتَيْنِ كَوْمَاوَيْنِ، فِي غَيْرِ إِثْمٍ وَلَا قَطْعِ رَحِمٍ؟ "** فَقُلْنَا: يَا رَسُولَ اللَّهِ، نُحِبُّ ذَلِكَ، قَالَ: **" أَفَلَا يَغْدُو أَحَدُكُمْ إِلَى الْمَسْجِدِ فَيَعْلَمُ أَوْ يَقْرَأُ آيَتَيْنِ مِنْ كِتَابِ اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ، خَيْرٌ لَهُ مِنْ نَاقَتَيْنِ، وَثَلَاثٌ خَيْرٌ لَهُ مِنْ ثَلَاثٍ، وَأَرْبَعٌ خَيْرٌ لَهُ مِنْ أَرْبَعٍ، وَمِنْ أَعْدَادِهِنَّ مِنْ الْإِبِلِ "** (رواه مسلم: 0312).

## ТКЪЕ ДОЬЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Iукъба ибн Iамира (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: «(Цкъа) тхо (маьждиган) лабанна кIел а долуш, (шен хIусамера) араваьллачу АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира (нахе): **«Хьанна лаьа шух - хIора дийнахь Iуьйранна БатIхьан я ал-Iакъикъ (боьра) а вахана, цигара шишша эмкал ялон, тIебаьлла боккха ши дума а болуш, (цунна**

**дуьхьа дан дезар доцуш) я къилахь дерг а, я гергарчаьрца гергарло хадор а?».** Оха жоп делира: **«ХIай, АллахIан элча! Массарна а лаьа тхуна иза».** (ХIетахь Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Ткъа маьждиге хIунда ца воьду шух хIора а. (Цигахь цо) АллахIан Жайнара ши аят Iамор гIолехь хир ма ду цунна шина эмкалал а, кхоъ гIолехь хир ма ду цунна – кхааннал а, диъ гIолехь хир ма ду цунна – деаннал а, (муьллха а) церан дукхалла (гIолехь хир ма ю цунна - оццул) эмкалел а»»** (Муслим: 803).

## [ الحَدِيثُ الْخَامِسُ وَالثَّلاثُونَ ]

عَنْ جُنْدُبِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ الْبَجَلِيِّ رَضِيَ الله عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صلَّى الله عليه وسلم: " **اقْرَأُوا الْقُرْآنَ مَا ائْتَلَفَتْ عَلَيْهِ قُلُوبُكُمْ، فَإِذَا اخْتَلَفْتُمْ فِيهِ فَقُومُوا** " (رواه البخارى: 5060، ومسلم: 2667).

## ТКЪЕ ПХУЬЙТТАЛГIА ХЬАДИС

Жундуб ибн IабдуллахI ал-Бажалис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Къуръан деша аша - цуьнан хьокъехь шайн дегнаш бертахь лаьтташ мел ду, ткъа шайна юккъе къовсам болахь – дита иза»** (Бухари: 5060, Муслим: 2667).

## [ الحَدِيثُ السَّادِسُ وَالثَّلاثُونَ ]

عَنْ أَبِي مَسْعُودٍ الْأَنْصَارِيِّ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صلى الله عليه وسلم: **" يَؤُمُّ الْقَوْمَ أَقْرَؤُهُمْ لِكِتَابِ اللَّهِ، فَإِنْ كَانُوا فِي الْقِرَاءَةِ سَوَاءً فَأَعْلَمُهُمْ بِالسُّنَّةِ، فَإِنْ كَانُوا فِي السُّنَّةِ سَوَاءً فَأَقْدَمُهُمْ هِجْرَةً، فَإِنْ كَانُوا فِي الْهِجْرَةِ سَوَاءً فَأَقْدَمُهُمْ سِلْمًا، وَلَا يَؤُمَّنَّ الرَّجُلُ الرَّجُلَ فِي سُلْطَانِهِ، وَلَا يَقْعُدْ فِي بَيْتِهِ عَلَى تَكْرِمَتِهِ إِلَّا بِإِذْنِهِ "** (رواه مسلم: 673).

## ТКЪЕ ЙОЛХУЬТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу МасIуд ал-Ансарис (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«(Ламазехь) нахана хьалха имам хIотта уггаре хьакъ верг - царех АллахIан Жайна массарчул дикаха доьшуш верг ву. Нагахь (и нах) оцу тIехь а цхьатерра белахь - массарчул а суннат дикаха хуург (вала веза хьалха). Нагахь (оцу тIехь а) уьш цхьатерра белахь - уггаре а хьалха хIижрат динарг (вала веза хьалха). Нагахь оцу тIехь а уьш цхьатерра белахь - Ислам-дин хьалха тIеэцнарг (вала веза хьалха). ХIуъа а хилча а, (кхечу) стеган олалла сов долучохь имам ма хIуттийла стаг, я цуьнан хIусамехь цуьнан метта тIе (я гIайбанна тIе) охьа а ма хуийла иза, цуьнан пурбанца бен»** (Муслим: 673).

## [ الحَدِيثُ السَّابِعُ وَالثَّلاثُونَ ]

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ الله عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **" أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ إِذَا رَجَعَ إِلَى أَهْلِهِ أَنْ يَجِدَ فِيهِ ثَلَاثَ خَلِفَاتٍ عِظَامٍ سِمَانٍ؟" قُلْنَا: نَعَمْ، قَالَ: "فَثَلَاثُ آيَاتٍ يَقْرَأُ بِهِنَّ أَحَدُكُمْ فِي صَلَاتِهِ خَيْرٌ لَهُ مِنْ ثَلَاثِ خَلِفَاتٍ عِظَامٍ سِمَانٍ "** (رواه مسلم: 208)..

## ТКЪЕ ВУЬРХIИТТАЛГIА ХЬАДИС

Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина: «(Цкъа) АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира: **«Шух цхьаннена а, шен доьзале вирзича, (шен цIахь) йоккха, ерстина, пхора, стен кхо эмкал карон луур дарий?».** Оха (массара а) жоп делира: **«ХIаъ».** ХIетахь (Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)) элира: **«Шух муьлххачо а ламазехь доьшуш долу кхо аят гIолехь ма ду йоккха, ерстина, пхора йолчу кхаа эмкалал а!»»** (Муслим: 208).

[ الحَدِيثُ الثَّامِنُ وَالثَّلاثُونَ ]

عَنْ جَابِرِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ رَضِي اللَّه عَنْهما قَالَ: **" كَانَ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَجْمَعُ بَيْنَ الرَّجُلَيْنِ مِنْ قَتْلَى أُحُدٍ فِي ثَوْبٍ وَاحِدٍ ثُمَّ يَقُولُ: أَيُّهُمْ أَكْثَرُ أَخْذًا لِلْقُرْآنِ فَإِذَا أُشِيرَ لَهُ إِلَى أَحَدِهِمَا قَدَّمَهُ فِي اللَّحْدِ، وَقَالَ أَنَا شَهِيدٌ عَلَى هَؤُلاءِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ، وَأَمَرَ بِدَفْنِهِمْ فِي دِمَائِهِمْ، وَلَمْ يُغَسَّلُوا وَلَمْ يُصَلَّ عَلَيْهِمْ "** (رواه البخارى: 1343).

## ТКЪЕ БЕРХIИТТАЛГIА ХЬАДИС

Жабир ибн Iабдуллахla (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) Ухьудехь кхелхиначарех шишша цхьана кIадина юкъа а хьарчавой, цул тIаьхьа хаттар дора: **«Къуръан дукхах хууш муьлха вара оцу шиннах?».** Ткъа оцу шиннах (хIара вара аьлла,) цхьаъ шена гайтича, иза хьалха лахьти чу а вуьллий, тIаккха олура цо: **«Теш хир ву со царна къематдийнахь!».** Уьш дIабохка

аьлла, омра дира цо шайн цӀишца. Цундела лийча а ца бира уьш, я докъан ламаз а ца дира царна» (Бухари: 1343),

**[ الحَدِيثُ التَّاسِعُ وَالثَّلاثُونَ ]**

عَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ أَبِي أَوْفَى رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا أَنَّهُ سُئِلَ: " **هَلْ كَانَ النَّبِيُّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ أَوْصَى؟** " فَقَالَ: " **لاَ** "، فَقِيلَ لَهُ: " **كَيْفَ كَتَبَ عَلَى النَّاسِ الْوَصِيَّةَ ؟ أَوْ أُمِرُوا بِالْوَصِيَّةِ ؟** " قَالَ: " **أَوْصَى بِكِتَابِ اللهِ** ".

## ТКЪЕ ТКЪЕСНАЛГIА ХЬАДИС

Цкъа Iабдуллахl ибн Абу Авфага (Аллахl реза хуьлда цаьршинна) хьаьттина: **«Пайхамаран** (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) **весет дарий дина?».** Цо жоп делла: **«XIан-хIа».** Цуьнга хьаьттина: **«Ткъа нахана тIе муха диллина-те весет дар (я: нахе хIунда дина-те, весет де аьлла, омра)?».** Цо жоп делла: **«Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) АллахIан Жайна дина весет*»** (Бухари: 2740)

* Вуьшта аьлча, нахе весет дина цо, хаддаза тIаьхьадаза Къуръано бохучунна аьлла.

**[ الحَدِيثُ الْأَرْبَعُونَ ]**

عَنْ عَامِرٍ - هو الشعبي - قَالَ: سَأَلْتُ عَلْقَمَةَ: هَلْ كَانَ ابْنُ مَسْعُودٍ شَهِدَ مَعَ رَسُولِ اللَّهِ لَيْلَةَ الْجِنِّ قَالَ: فَقَالَ عَلْقَمَةُ: أَنَا سَأَلْتُ ابْنَ مَسْعُودٍ فَقُلْتُ: هَلْ شَهِدَ أَحَدٌ مِنْكُمْ مَعَ رَسُولِ اللَّهِ لَيْلَةَ الْجِنِّ؟ قَالَ: لاَ، وَلَكِنَّا كُنَّا مَعَ رَسُولِ اللَّهِ صلى الله عليه وسلم ذَاتَ لَيْلَةٍ فَفَقَدْنَاهُ فَالْتَمَسْنَاهُ فِي الْأَوْدِيَةِ وَالشِّعَابِ، فَقُلْنَا: اسْتُطِيرَ أَوْ اغْتِيلَ، قَالَ: فَبِتْنَا بِشَرِّ لَيْلَةٍ بَاتَ بِهَا قَوْمٌ، فَلَمَّا أَصْبَحْنَا إِذَا هُوَ جَاءٍ مِنْ قِبَلِ حِرَاءٍ، قَالَ: فَقُلْنَا: يَا رَسُولَ اللَّهِ، فَقَدْنَاكَ فَطَلَبْنَاكَ فَلَمْ نَجِدْكَ، فَبِتْنَا بِشَرِّ لَيْلَةٍ بَاتَ بِهَا قَوْمٌ، فَقَالَ: " **أَتَانِي دَاعِي الْجِنِّ فَذَهَبْتُ مَعَهُ، فَقَرَأْتُ عَلَيْهِمْ الْقُرْآنَ** "، قَالَ: فَانْطَلَقَ بِنَا فَأَرَانَا آثَارَهُمْ

وَآثَارَ نِيرَانِهِمْ، وَسَأَلُوهُ الزَّادَ، فَقَالَ: **" لَكُمْ كُلُّ عَظْمٍ ذُكِرَ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ يَقَعُ فِي أَيْدِيكُمْ أَوْفَرَ مَا يَكُونُ لَحْمًا، وَكُلُّ بَعْرَةٍ عَلَفٌ لِدَوَابِّكُمْ "**، فَقَالَ رَسُولُ اللَّهِ صلى الله عليه وسلم : **" فَلَا تَسْتَنْجُوا بِهِمَا، فَإِنَّهُمَا طَعَامُ إِخْوَانِكُم "** (رواه مسلم: 450).

## ШОВЗТКЪАЛГIА ХЬАДИС

Iамир аш-ШаIабис дийцина: «(Цкъа) Iалкъаме хьаьттира аса: **«Ибн МасIуд хиллий-те элчанца цхьана (цо) жинашна (Къуръан дешначу) буса?».** ХIетахь Iалкъамас элира: «(Изза) хаттар деш аса элира ибн МасIуде: **«Шух цхьа а АллахIан элчанца цхьаьна нисвелирий (цо) жинашна (Къуръан доьшучу) буса?».** Ибн МасIуда жоп делира: «ХIан-хIа. Амма цкъа цхьана буса АллахIан элчанца цхьаьна нисдделлера тхо. ХIетахь дIавайнера тхан иза. Цул тIаьхьа иза леха дуьйладелира тхо боьранашкахь а, чIожашкахь а, тхаьшлахь баха а бохуш: «Я жинаш дIавигина иза, я вийна иза». (Ибн МасIуда) аьлла: «ЧIогIа вон буьйса яьккхира оха, сел вон буьйса аддама а лайна хир йоцуш. Ткъа Iуьйранна (тхаьшна тIе) вогIуш (гира) тхуна иза Хьираъ олу лам болчу агIора схьа». (Ибн МасIуда элира:) «Оха хьаьттира: **«ХIай, АллахIан элча! Хьо ван а вайна, леха хIиттинера тхо, амма кара а ца вина, чIогIа вон буьйса яьккхира оха, сел вон буьйса аддама а лайна хир йоцуш».** (Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо ам хуьлда цунна)) элира: **«(Цхьа) жин деанера суна тIе дIакхойкхуш, ткъа аса, ваха а вахана, Къуръан дийшира царна».** (Ибн МасIуда) элира: «Цул тIаьхьа, (оцу меттигна) тIе а дигина, (жинийн) ларраш а, церан цIерийн ларраш а гайтира цо тхуна». (Жинаша) хьаьттина хилла

(Пайхамаре (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)), шайна яа магийнарг хIун ю-те аьлла. Цо жоп делла: **«Шуна (яа мегаш) ю муьлхха а шун каракхаьчна даьIахкаш, шайна тIехь дуккха а жижиг долуш. (Нагахь) царна тIехь АллахIан цIе яьккхина хиллехь, шун дийнатийн докъар – муьлхха а (дийнатин) боьхалла*** **хир бу».** ХIетахь АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира: **«Цундела (шаьш арадаханчу хенахь) цаьршинца цIано ма е, хIунда аьлча и шиъ шун вежарийн даар ду»** (Муслим: 450).

* боьхалло чулоцу: луьста, кхо, пхьаж.

Шовзткъа хьадис дуьзи АллахIан пурбанца.

АллахIе доьху аса, хIара ладаме жайна пайдехь даккхар сайна а, сайн дена-нанна а, массо бусалбанашна а!

Хастам бу АллахIна!

2014 шо.